# लड़कन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# परमेश्वर की ओर से भेजल एगो पुरुष

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

एक दिन जकारिया नाम कअ एगो बृद्ध याजक परमेश्वर की मंदिर में धूप जरावत रहलें। बाहर, लोग प्रार्थना करत रहलें। अचानक, जकारिया भयभीत होके कांपे लगलन।



एगो दूत अईलन। उ कहलन, "डरअ मत।" "हमके परमेश्वर भेजलें हँअ। तोहार पत्नी क एगो बेटा होईI उनकअ नाम यूहन्ना रखिहअ। उ जनम से ही पवित्र आत्मा से परिपूर्ण रहींहन। उ बहुतेरन के परमेश्वर की पास ली अइहन।"




"हमनी से बात करअ,
जकारिया बोलअ।"
बाहर लोग जाने
खातिर हैरान रहलें।



उ लोग ना जानत रहलें कि गब्रियल, परमेश्वर क दूत जकारिया से बात कइले बाड़े, प्रभु की संदेश पर विश्वास ना कइला की कारण, बच्चा की जन्म तक बात कइला में असमर्थ रहबअ;

उ सोचलन कि उनकअ पत्नी बच्चा जने खातिर बहुत बूढ हो गइल बाड़ी।

घर में, जकारिया उ सब लिखलें
जेवन स्वर्गदूत उनसे बतवले रहलन।
एलिजाबेथ, उनकर पत्नी, चकित रहली। उ
हमेशा एगो लइका खातिर प्रार्थना करत
रहलन जा। का ई अब हो सके ला?





जल्दी ही एलिजाबेथ
के मालूम हो गइल
कि उ गर्भवती बाड़ी ।
उ परमेश्वर क स्तुति
कइली। एक दिन,
एलिजाबेथ क चचेरी
बहिन मरियम उनकर
दौरा कइली। मरियम
भी एगो लइका
के जनम देबे वाली
रहली।



जइसे ही मरियम
पहुंचली, एलिजाबेथ
महसूस कइली कि
लइका उनकरा पेट
में उछलल हअ।
एलिजाबेथ पवित्र
आत्मा से भर
गोइली। उ जान
गोइली कि मरियम
क बेटा ही प्रभु यीशु
मसीह होईहन। दूनो
महिला आनंद की
साथ परमेश्वर क
बड़ाई कइली।

परमेश्वर की वादा की अनुसार एलिजाबेथ की लइका क जनम भईल। अन्य याजक लोग कहलें, "पिता की तरह बेटा के भी, जकारिया की नाम से ही बोलावअ जा।" जकारिया परमेश्वर क दिहल आज्ञा याद कइलन। "नाहीं! ए लइका क नाम यूहन्ना हअ।" जैसे ही जकारिया उ बात के लिखलन, उन कर बाणी वापस आ गइल; फिर उ परमेश्वर क प्रशंसा कइलन।





जब यूहन्ना बड़ भइलन तब
उ एलिय्याह की समान,
परमेश्वर क महान आदमी
भइलन। यूहन्ना, लोगन
के बतवलन कि उन सबके
आशीर्वाद देबे खातिर, मसीह
जल्दी ही आवत बाने।

यहूदी अगुवन के यूहन्ना
से नफरत रहे; काँहे से
कि उ सबसे कहलन कि,
"मन फिरावअ! पाप
करल बंद करअ" उ सब
अपनी पापन की बारे में
सुनल ना चाहत रहलें।



लोग उनके यूहन्ना बपतिस्मा देबे वाला की नाम से बोलावत रहलें; काँहे से कि उ देखावे खातिर उनसब के उनकी पापन की क्षमा खातिर, सबके पानी क बपतिस्मा देत रहलन।

एक दिन, यीशु मसीह खुद बपतिस्मा लेबे खातिर यूहन्ना की पास अईलन।



"आपके त चाँही कि हमके खुद आप बपतिस्मा देईं," यूहन्ना विरोध जतवते हुवे कहलन। लेकिन यीशु मसीह कहलन कि, "अइसने होखे द" अउर उ यूहन्ना से बपतिस्मा लिहलन।



'यीशु की बपतिस्मा
की बाद, यूहन्ना पवित्र
आत्मा के एगो कबूतर
की रूप में यीशु पर उतरत
देखलन। ई परमेश्वर क
संकेत रहल। यूहन्ना
जानत रहलन कि यीशु
परमेश्वर क बेटा हउवन।
यूहन्ना, यीशु के दुनिया
की पाप के दूर ले जाये
वाला *(हरे वाला)*
मेम्ना कहलें।





यूहन्ना, बहुत सारे लोगन के परमेश्वर की पास लीयवनअ। लेकिन हेरोदेस, दुष्ट शासक, यूहन्ना के जेल में डलवा दिहलन। यूहन्ना हेरोदेस के चितवले रहलन कि, "हेरोदिया के, जेवन तोहरी भाई क पत्नी हई ओके आपन मेहरारू बनाके रखल एगो पाप हअ।"



हेरोदेस के ई सच्चाई मालूम रहे कि यूहन्ना, परमेश्वर क सेवक, एगो धर्मी अउर पवित्र आदमी हउवें। लेकिन उ पाप कइल बंद ना करल चाहता रहलन। अउर यूहन्ना पाप की खिलाफ उपदेश दिहल बंद ना करल चाहत रहलन, भले ही जेल भी जाये के पड़े।

अपनी जन्मदिन पर हेरोदेस एगो बड़ जश्न क आयोजन कइलन हेरोदिया क बेटी उनकी खातिर एगो नृत्य कइली। उ हेरोदेस के बहुत पसंद आइल। "जेवन कुछ भी तोहके चाहीं मांग सकतरडु," उ वादा कइलनI "ईहां तक कि हमार आधा राज पाठ भी।"





"हम का मांग सकी ना?" लईकी आश्चर्य कइलस। ओकर ख़राब महतारी हेरोदियास, जेवन यूहन्ना से नफरत करत रहे, सिखवलस कि उ का मांगे। उ एगो भयानक बात रहल।

"हमके यूहन्ना बैपटिस्ट क सिर कटवाके एगो थरीया में दिहल जॉव" लईकी हेरोदेस से कहलस। उ अपनी वादा से बहुत खेदित भईलन, लेकिन बहुत अधिक घमण्ड की कारण वादा ना तूरलन। "यूहन्ना क सिर काट के इहाँ ले आव जा," हेरोदेस आदेश दिहलन। उनकर सैनिक आज्ञा पालन कइलें।



अफसोस क बात ह।
यूहन्ना क दोस्त सब
मिलके परमेश्वर की
बहादुर अउर वफादार
सेवक की शरीर के दफन
कइलें। परमेश्वर की
खातिर यूहन्ना क काम
अब समाप्त हो चुकल
रहे। उ सब जानत
रहलें कि यीशु
उनकी दुख में उन
सबके शान्त्वना
दिहन।



# परमेश्वर की ओर से भेजल एगो पुरुष

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मरकुस ६, लूका १, ३

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले,
जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ
पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन
कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के
हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन
अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर
अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ
आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की
कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर
अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा
करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा
रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16